# जय हो मैया चंदन के केवडिया बोले

जय हो मैया चंदन के,
केवडिया बोले,
चांद के अजोरिया बोले हो,
की जय हो शीतल मैया,
शीतली बैयरिया बोले,
गंगा के लहरिया बोले हो।bd।

---

जय हो मैया जय हो मैया,
बोल ले चिरैया,
लहरे पताका बोले,
जय दुर्गा मैया,
जय हो मैया गऊवा,
नगरिया बोले,
सगरो डगरिया बोलेला,
की जय हो शीतल मैया,
शीतली बैयरिया बोले,
गंगा के लहरिया बोले हो।bd।

---

बोल जयकारा माँ के,
फुलवा के गजरा,
रोली और बिंदिया बोले,
अखियां के कजरा,
जय हो मैया पियरी,
चुनरिया बोले,
गंगा के लहरिया बोले हो,
की जय हो शीतल मैया,
शीतली बैयरिया बोले,
गंगा के लहरिया बोले हो।bd।

---

जय हो मैया जय हो मैया,
बोले बनहोरिया,
निमिया के डरिया बोले,
झुलुआ के डोरिया,
जय हो मैया मंदिर की,
पुजारिया बोले,
बाघ के सांवरिया बोले हो,
की जय हो शीतल मैया,

समस्त भजनों के लिरिक्स और विडियो बिना इंटरनेट के भी अपने मोबाइल में देखने के लिए गूगल प्ले स्टोर या एप्पल एप्प स्टोर से 'भजन डायरी एप्प' जरुर इनस्टॉल करे। वेबसाइट - https://www.bhajandiary.com

शीतली बैयरिया बोले,
गंगा के लहरिया बोले हो।bd।

जय हो मैया चंदन के,
केवडिया बोले,
चांद के अजोरिया बोले हो,
की जय हो शीतल मैया,
शीतली बैयरिया बोले,
गंगा के लहरिया बोले हो।bd।

गायिका – डिम्पल भूमि।
**Upload By – Shambhu Nath Kushwaha**
**9889004007**

समस्त भजनों के लिरिक्स और विडियो बिना इन्टरनेट के भी अपने मोबाइल में देखने के लिए गूगल प्ले स्टोर या एप्पल एप्प स्टोर से 'भजन डायरी एप्प' जरुर इनस्टॉल करे। वेबसाइट - https://www.bhajandiary.com